

Lis tout frè pou Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York (New York State Office of Children and Family Services, NYS OCFS) - kat debi Mastercard Way2Go

Tout Frè yo	Montan	Detay yo
Kòmanse		
Kat acha	\$0.00	Pa gen okenn frè pou aktive kat debi w la.
Itilizasyon pa mwa		
Frè Itilizasyon pa Mwa	\$0.00	Pa gen frè pa mwa w ap peye pou kat sa.
Depanse lajan		
Kote nou vann (Point-of-Sale, POS)	\$0.00	Pa gen frè lè ou fè acha nan pwendvann yo (POS) nan Etazini lè ou itilize siyati w ak Nimewo Identifikasyon Pèsonèl (PIN).
Peye bil sou entènèt	\$0.00	Itilizasyon sèvis pou peye bil sou sit wèb nou an gratis, www.GoProgram.com .
Pran lajan		
Retrè nan ATM (anndan rezo a)	\$0.00	Pa gen okenn frè pou retrè nan ATM Allpoint ak MoneyPass. N ap jwenn kote ki nan rezo yo sou https://www.allpointnetwork.com/locator.html ak moneypass.com/atm-locator.html . Lè w ap itilize kat ou a nan yon ATM, montan total ou ka retire pou pi plis sou kont ou pa jou se \$500.00.
Retrè nan ATM (Deyò Rezo a)	\$1.35	Sa a se kotizasyon pa nou. "Deyò Rezo a" vle di tout ATM ki pa nan lis gichè ki gen rezo Allpoint ak MoneyPass. Operatè ATM nan ka pran yon frè sou ou menm si ou pa fin fè tranzaksyon an. Lè w ap itilize kat ou a nan yon ATM, montan total ou ka retire pou pi plis sou kont ou pa jou se \$500.00.
Retrè lajan pa mwayen èd yon gichè (OTC)	\$0.00	Ou ka retire lajan san limit san frè nan gichè Mastercard Member oswa Credit Union.
Enfòmasyon		
Verifikasyon balans nan ATM (anndan oswa deyò rezo a)	\$0.00	Pa gen okenn frè pou verifye balans ou nan yon ATM.
Refize bay aksè nan ATM (anndan oswa deyò rezo a)	\$0.00	Pa gen okenn frè lè w anile yon tranzaksyon nan nenpòt ATM.
Sèvis kliyantèl	\$0.00	Ou ka rele nimewo sèvis kliyantèl ki nan do kat ou a gratis. Yo p ap janm mande okenn frè pou ou pale ak yon ajan an dirèk.
Itilize kat ou andeyò Etazini.		
Tranzaksyon ATM Entènasyonal	\$1.35	Sa a se frè y ap pran sou ou pou chak retrè ou fè pa ATM andeyò Etazini. Operatè ATM nan ka pran yon frè sou ou menm si ou pa fin fè tranzaksyon an.
Frè Tranzaksyon Entènasyonal	2%	Konvèsyon tarif se yon frè Mastercard pran pou chak montan tranzaksyon ki fèt andeyò Etazini.
Lòt		
Ranplasman kat	\$0.00	Yo p ap janm fè w peye pou ranplasman kat ou. Livrezon nòmal nan Etazini pran 7 a 10 jou.
Livrezon kat rapid	\$13.50	Si ou mande pou yo livre kat ranplasman w lan olye pou yo voye l pa kourye nòmal, y ap mande pou ou peye frè livrezon an. Sa ap pran 3 a 5 jou pou yo fè livrezon kat rapid la pou ou.
Transfè lajan	\$0.00	Pa gen okenn frè pou w transfere lajan soti sou kat debi ou pou voye sou kont bankè ou genyen nan Etazini.

Lajan ou genyen an fè w kalifye pou asirans FDIC, epi y ap depoze l oswa transfere l nan bank Comerica, yon enstisyon FDIC ap pwoteje. Depi fon w lan la, FDIC ap pwoteje jiska \$250,000 sizoka bank Comerica ta fè fayit, si kondisyon espesifik asirans depo yo respekte. Ale sou fdic.gov/deposit/deposits/prepaid.html pou plis detay.

Pa gen retire plis pase sa ou genyen/pa gen posiblite kredi.

Kontakte Sèvis Kliyantèl Go Pwogram lè ou rele nan 1-844-649-9845, pa kourye lapòs P.O. Box 245997, San Antonio, TX 78224-5997 oswa ale sou www.GoProgram.com.

Pou enfòmasyon jeneral sou kont kouran, ale sou cfpb.gov/prepaid.

Si ou gen yon reklamasyon sou yon kont kouran, rele Biwo Pwoteksyon Finansyèl Konsomatè nan 1-855-411-2372 oswa ale sou cfpb.gov/complaint.